



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE ENTEGRITE PWOJÈ TRAVAY PIBLIK YO

*Lejislasyon (S.5994C/A.1338C) etabli sistèm enskripsyon pou kontraktè ak soutretan ki angaje nan travay piblik epi ki kouvri pwojè prive yo pou pi byen aplike lwa ak règleman travay yo*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te siyen lejislasyon (S.5994C/A.1338C), ki etabli yon sistèm enskripsyon pou kontraktè ak soutretan ki angaje nan travay piblik epi ki kouvri pwojè prive yo pou bay plis transparans ak pi byen fè respekte lwa ak règleman travay ki egziste deja yo.

"Lejislasyon sa a pral ede asire transparans, diminye fwod epi asire lajan kontribyab yo ale jwenn kontraktè ki trete travayè yo avèk diyite ak respè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Travayè nou yo se motè ekonomi nou an epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou pwoteje dwa yo".

Lejislasyon (S.5994C/A.1338C) kreye yon sistèm enskripsyon pou kontraktè yo ak soutretan ki fè yon òf sou kontra pou pwojè travay piblik yo epi kòmanse travay sou sèten pwojè prive ki kouvri ki resevwa sibvansyon piblik nan New York. Nouvo lwa sa a mande pou kontraktè ak soutretan yo enskri nan Depatman Travay (Department of Labor, DOL) lè yo bay yon seri divilgasyon sou biznis yo chak de ane. Depatman Travay la pral detèmine si yon kontraktè oswa yon soutretan apwopriye pou enskri, dapre vyolasyon lwa travay anvan yo ak lwa konpansasyon travayè yo, ki gen ladan egzijans salè ki anvigè yo, epi kreye yon baz done ki disponib piblikman sou entènèt. Lwa sa a pral asire ke eta ak antite lokal yo angaje avèk kontraktè ak soutretan ki pral respekte lwa ak règleman travay New York yo.

**Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a ki pwoteje Nouyòkè yo lè li asire ke dola enpo yo ap sèlman ale nan pwojè kote kontraktè yo trete anplwaye yo san patipri. Lwa sa a pral ede anpeche move aktè yo jwenn pwojè travay piblik, epi li pral asire ke konpayi ki respekte lwa yo pa nan yon dezavantaj konpetitif nan pwosesis apèl d'òf la".

**Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare,** "Nouvo sistèm enskripsyon sa a pral asire ke kontraktè ak soutretan ki fè òf sou pwojè travay piblik yo se bon aktè epi

trete travayè yo byen. Lide a pou pwojè lwa sa a soti dirèkteman nan men travayè yo. Mwen kontan wè yon lide yo pwopoze m ki soti kote moun ki nan domèn nan tounen lwa".

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Etabli sistèm enskripsyon ak baz done sa a se yon etap esansyèl pou asire pwojè piblik nou yo, ki peye avèk lajan kontribyab yo, se kontraktè ak soutretan ki respekte lwa travay New York yo ki reyalize yo. Lwa sa yo pwoteje sekirite travayè yo epi garanti yon jou peman jis pou yon jounen travay jis, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon k ap pèmèt eta ak lokalite yo evalye istwa yon kontraktè lè y ap bay yon pwojè piblik."

**Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building and Construction Trades Council) la, te deklare,** "Twò souvan, nan endistri konstriksyon an, kontraktè ki malonèt yo kapab twonpe travayè yo atravè yon mank transparans ak responsablite. Lejislasyon sa a pral jwe yon gwo wòl nan kontrekare tandans sa a epi pèmèt New York pwoteje komèsan gason ak fanm k ap travay di nou yo lè li asire ke kontraktè k ap resevwa revni kontribyab yo ak lajan piblik pou pwojè yo satisfè egzijans debaz yo pou demontre ke yo se yon biznis onèt. Avèk Depatman Travay la ki gen responsablite pou l sipèvize plizyè milye pwojè piblik, rejis sa a pral bay yon lòt zouti pou fè respekte lwa salè ki anvigè yo epi asire travayè konstriksyon yo ap trete san patipri sou chan travay la. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a, ansanm ak lidèchip lejislatif ak sipòte pwojè lwa Senatè Ryan ak Manm Asanble Magnarelli, ki te fè avanse inisyativ enpòtan sa a".

**Bill Banfield, Sekretè Egzekitif Adjwen-Trezorye, Konsèy Rejyonal Chapantye Eta Atlantik Nò yo, te deklare,** "Chapantye yo bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen Enskripsyon Kontraktè yo pou tounen lwa. Kontraktè ki fè espere yo inyore lwa salè ki anvigè yo twonpe travayè yo, kontribyab yo, ak entegrite endistri konstriksyon an. Lwa sou Enskripsyon Kontraktè ke Gouvènè a te siyen jodi a pral asire ke lè yo depanse lajan piblik, se kontraktè ki respekte lalwa k ap fè travay konstriksyon yo. Ekite nan endistri konstriksyon an kòmanse avèk responsablite".

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418